**REZYUME.** Qoraqalpoq xalqi boy madaniy ma'rifatga ega. Xususan, og'zaki adabiyot xalqimizning asrlar davomida ajralmas yo'li bo'lib, uning orzularin, milliy tariximizda chuqur iz qoldirgan uning intilishlari, ahamiyatli voqealarini aks ettirdi.

**РЕЗЮМЕ.** Народ Каракалпакстана имеет богатое культурное наследие. В частности, устная литература была неотъемлемой частью нашего народа на протяжении веков, отражая её мечты, отчаяния, важные события, которые оставили глубокий след в нашей национальной истории.

**SUMMARY.** The people of Karakalpakstan have a rich cultural heritage. In particular, oral literature has been an integral part of our people for centuries, reflecting dreams, despair, important events that left a deep mark in our national history.

# БАЛАЛАР ҲӘМ ЖАС ӨСПИРИМЛЕР ТЕМАСЫНДАҒЫ МАТЕРИАЛЛАРДЫҢ ТӘСИРШЕҢЛИГИ ҲӘМ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИ

**М.А.Қудайбергенов –** *ассистент оқытыўшы*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** глобаллашув, жамият, матбуот, болалар, типология, мақсад, жанр, маҳорат, таълим-тарбия, ижод, масала, мавзу.

**Ключевые словы:** глобализация, общество, пресса, дети, типология, цель, жанр, мастерство, воспитание, творчество, проблема, предмет.

**Key words:** globalization, society, press, children, typology, goal, genre, skill, education, creativity, problem, subject.

Соңғы ўақытлары дүньядағы информация тараўындағы ҳәр түрли қарама-қарсылық ҳәм мағлыўматлардың бир-биринен парықланып турыўы көпшиликтиң сана-сезимине ҳәр қыйлы тәсир пайда етпекте. Әсиресе, бундай жағдайда балалар ҳәм жаслар тәрбиясы мәселеси өзиниң әҳмийетлилиги менен айрықша көзге тасланады. Балалар ҳәм жас өспиримлердиң санасына миллий үрп-әдет, ата-бабалар мийрасларын сиңдириў, олардың сана-сезиминде ана Ўатанға деген үлкен сүйиспеншилик сезимлерин оятыў ҳәм сиңдириў баслы ўазыйпалардан бири болып қалады [1:84-87]. Әлбетте, бунда ғалаба хабар қуралларының хызметинен кең түрде пайдаланыў мақсетке муўапық.

Бүгинги күнде Қарақалпақстанда "Жеткиншек" газетасы бирден-бир балалар ҳәм жас-өспиримлер басылымларынан бири. Онда кишкене класс оқыўшысынан баслап жоқары класс оқыўшыларына шекемги аудитория қамтып алынған. Сонлықтан, газетаның бир санының өзинде аудиторияның түрли қатламына арналған материаллар орын алады. Мысалы, киши балалар ушын ертек, болған ўақыялар, үлкен балалар ушын психологиялық кеңеслер, клублар, солардың бири жоқары класс оқыўшыларына арналған "Желқом"ды келтирип өтиўге болады.

Газета жыл сайын жазылыўдың төменлеўи, газетаны оқыўшыларының кемейиўи менен бирге, балалар ҳәм жас өспиримлердиң түрли информациялар орайында қалып, қайсысы туўры, қайсысы жалғанлығын айыра алмай қалыўына алып келип атыр. Нәтийже бүгинги күнге келип, әсиресе соңғы жыллар интернет әлеминдеги көпшилик ойынлар бузғыншылыққа қурылғанын түсинбей, оның ишине кирип кетип атырған жағдайларды да көрип турмыз. Балалардың сана-сезимине, ой-өрисине кери тәсир жасап, жас әўладтың саламат болып қәлиплесиўине жаман тәсир өткерип атырған информациялардан келешек әўладымызды қорғаў, оларды ҳәр тәреплеме саламат, билимли, күшли, өз позициясына ийе инсанлар етип тәрбиялаўда оларға арналған газеталардың орны гиреўли екенлиги анық болып қалмақта.

Басылымлар тийкарынан аудиторияның қызығыўшылығын анықлап, информацияны олардың түсинигине туўры келетуғын усылда бериў керек. Себеби, адам бир нәрсе ислеў ушын, бул оны қызықтырыўы шәрт. Балалық ҳәм жас өспиримлик дәўир излениў, үйрениў дәўири. Сондай-ақ, бул дәўирде инсанның қызығыўшылықлары өзгерип туратуғынын да есапқа алыў керек. Олардың ҳәр бирин ҳәр қыйлы информация қызықтырады, өзине тартады. Бирақ, бир нәрсе анық – бул жастағы балалардың басылымы тәрбиялаў хызметин атқарыўы лазым. Себеби, балалар психологиясы үлкенлер психологиясынан ажыралып турады. Олар адамгершилик, ҳақыйқатлыққа исенеди. Буны көбирек ўақтын балаларды ҳәр тәреплеме үйрениўге жумсаған жазыўшы К.И.Чуковский былай деп айтып өткен еди: "Еки жастан бес жасқа шекемги балалар өмири қуўанышларға, бахыт ушын қурылған. Бул болса олардың психологиялық тәрептен раўажланыўының тийкары болыўы лазым" [2:156]. Бул болса балалар ҳәм жас өспиримлер басылымларының әҳмийетин көрсетип береди: олар әлпайым болып, онда жақсылық жаманлықты, өтирикти туўрылық жеңиўи кереклигин көрсетип береди.

Жазыўшы бул пикирлерин бираз жыллар алдын айтқан болса да бүгинги күнде де әҳмийети жоқары болып қалмақта. Ал, "Жеткиншек" газетасында бул бойынша қандай жумыслар исленип атыр? Газетада материаллардың тәсиршеңлиги ҳәм нәтийжелилиги қай дәрежеде?

Пикиримизше, бул бойынша газетада жүргизип атырған жумысларын бир неше түрге бөлип қараўға болады.

1. Бас мақалалар, информациялық мақалалар, хатларға шолыўлар.
2. Түрли клублар ("Желқом", "Экоҳәрекет", "Қулағыңа гәпин бар", "Жас полиглот", "Мийрас", "Малика" ҳәм тағы басқалар).
3. Редакция хызметкерлериниң орынлардан таярлаған материаллары, муғаллимлер ҳәм кишкене хабаршылардың жазғанлары.
4. "Барлығын билгим келеди", "Жас детективлер" клублары, сондай-ақ, жаңа технологиялар, олардың пайдалы ҳәм зыянлы тәреплери туўралы материаллар.
5. Жазыўшы-шайырлардың дөретпелери, соның менен бирге жас талантлардың қысқа қосық, гүрриң, болған ўақыялары. (бул газетадағы тийкарғы тәрбиялық хызметти атқарып киятыр-***Қ.М.***).
6. Түрли кеңеслер берип барыў.

"Жеткиншек"теги ҳәр қандай бас мақала, информациялар, хатларға шолыўлардың атқаратуғын хызметлери ҳәр түрли болса да, тийкарғысы– балалар ҳәм жас өспиримлерди Ўатанға садық, билимли, инталы, ҳәр тәреплеме шыныққан инсанлар етип тәрбиялаў. Газетадағы бас мақалаларда мәмлекетлик тил, Конституция, Балалар конвенциясының тийкарғы мазмуны, атқаратуғын хызмети туўралы оқыўшылар қәўимин хабардар етип барады. Бул мақалалардан балалардың тилге болған ҳүрмети, ана-Ўатанына деген сүйиспеншилиги артады. Информациялардың да тийкары усы. Мысалы, "Нәўқыран әўлад – елге саўлат" рубрикасында берилген "Мен де жәҳән чемпионы боламан" [3] информациялық мақаласында газета хабаршысы кишкене класс оқыўшысының бос ўақтында еркин гүрес пенен шуғылланып, жайнаған табысларды қолға киргизгени сөз болады.

Бул мақаланың тәсири сонда, онда балаларға өз қатарлары бос ўақтын биймәни ойынлар, түрли видеолар көриў менен емес, ал спортқа бағышлап нәтийжелерге ерискени үлги тутылады. Балалар әзелден қатарлары менен жарысқа түскиси келеди. Басқа баланың нәтийжеге ерисиўи онда да ықласты

оятады, умтылдырады. Сонлықтан, бундай мақалалар балаларды бос ўақтын босқа өткермей, пайдалы тәрепке бағдарлаўға хызмет етеди. Хатларға шолыўдың да әҳмийети күшли. Ҳәр қандай бала жазған дөретпесин басылым бетинен орын алыўын қәлейди. Егер редакция хатты алып, я жәрияламай, я болмаса бала жазғаны туўралы түйирли ҳеш нәрсе демесе, суўысыў пайда болады. Балада түңилиў, редакцияға деген исенбеўшилик жүзеге шығады. Сонлықтан, баланың жазғанын неге жәрияланбағаны түсиндирилсе, келешекке жол-жоба көрсетилсе, оны изleниўшиликке, талапланыўға бағдарлайды.

Балалар менен жас өспиримлерди тәртипли, билимли етип тәрбиялаўда “Жеткиншек”теги клублардың да айрықша хызмети бар. Мысалы, “Желқом”да жоқары класс оқыўшылары сырласса, қатарлары менен пикирлессе, “Мийрас”та елимиздиң миллий мийраслары менен жақыннан танысады. Балада елине, миллий мийрасларға деген сүйиспеншилик оянады. Мысалы, усы рубрика астында жәрияланған “Үй-руўзыгершилигинде кели-келсаптың қолланылыўы” [4] атамасындағы мақалаға итибарымызды қаратайық. Онда балаларды халқымыздың миллий мийрасларының бири кели-келсаптың пайда болыўы, атқаратуғын хызмети, оның соғылыўы туўралы кең түрде түсиник бериледи. Әлбетте, мақала соңында: “Ҳақыйқатында да, ески әсбап үскенелердиң орнын заманагөй техникалар яғный қаразлар, асхана комбайнлары ийелемекте” деп жуўмақ жасалады мақалада.

Дурыс, кели-келсап, дигирман, қара үй сыяқлы халқымыздың миллий мийраслары бүгинги күни дерлик қолланылмайды. Деген менен, буларды балаларға үйретип барыўдың да себеплери жетерли. Айтайық, ертең усы балалар сырт еллерде саяхатта болып, сол елдиң адамлары менен ушырасып пикир алысады. Усындай да сырт еллилер бизлер ҳәзир күнделикли қолланылып жүрген техникалар менен емес, көбирек халықтың айырмашылығын, өзлигин көрсететуғын буйымлары менен қызықсынады. Балаларға усы бастан миллий мийраслар үйретилип барылса, ертең сырт елде емин-еркин өз халқын, миллий мийрасларын айтып бериўине мүмкиншилик туўылады. Туўры, бул ушын музейлерге саяхат жасаў, телевизор яки интернеттен көриўге де болады. Деген пенен, ҳәмме бала да миллий мийрасларына қызығып, интернетте излейди деп айтыў қыйын. Музейге барған менен де умытып кетеди. Ал, газетада жийи-жийи миллий мийраслар туўралы түсиник берилип барылса, бир тәрепинен оларды билип барса, екинши тәрепинен миллий мийрасларын үйрениўге деген ықласы артады. Ал, газетағы “Жас полиглот” клубының атқаратуғын хызмети улыўма өзгеше. Онда балаларды сөзлер, ойын арқалы инглис тилине үйретеди. Ал, “Малика”да болса қыз балаларды турмысқа таярлаў ўазыйпасы бар.

Редакция хызметкерлери ҳәр қыйлы орынларда болып, балаларға тийисли жаңалықларды жарытып турады. Олардың көпшилиги оқыў, спорттағы жетискенликлер, китапқумарлық ҳәм тағы мәселелер дөгерегине қурылған. Балаларды билим алса, спорт пенен шуғылланса, китап оқыса руўхый дүньясы кең, қатарларынан алда болатуғыны уқтырылады. Буны жанлы мысаллар менен береди.

“Барлығын билгим келеди”, “Жас детективлер” клублары арқалы жаңа технологиялар, олардың пайдалы ҳәм зыянлы тәреплери туўралы материаллар жәрияланады. Мысалы, “Барлығын билгим келеди” клубындағы “Ең бахытлы балалар жасайтуғын 10 мәмлекет” [7] атамасында жәмленген материалларды алайық. Сол мәмлекетлердеги балалар тәрбиясы, оларға исленетуғын ғамқорлықлар, мүмкиншиликлер санап өтиледи. Барлығы да қысқа ҳәм мазмунлы етип берилген. Материал баспасөз материаллары тийкарында таярланған болса да, дүньяны билгиси келетуғын келешек әўладымыз ушын зәрүр информацияның бири саналанды. Ал, “Жас детективлер” клубының мақсети сәл басқашарақ. Онда балаларды логикалық ойлаў қәбилетин раўажландырыў мақсет етилген. Клубта логикалық басқатырмалар берилип, балаларды ойлаў қәбилетин раўажландырыў, олардың сана-сезимин раўажландырыў тийкарғы ўазыйпа саналады. Мәселен, “Қасқыр, қой ҳәм капуста” [8] басқатырмасы: “Бир кәмбағал адам қасқыр, қой ҳәм капуста менен дәрьяның арғы тәрепине өтиўи керек. Оның қайығы жүдә кишкене. Оған өзинен басқа және бир зат сыйыўы мүмкин. Кәмбағал оларды арғы жағаға сондай етип алып өтиўи керек: қасқыр қойды, қой капустаны жеп қоймаўы шәрт. Қалайынша?”.

Шыны менен де бала ушын қызық. Көбирек ойынға берилип, китап, газета менен дос болмай жүрген балаларды да дәрҳал өзине тартады. Себеби, басқатырма ойын түринде берилген. Бул да балаларды газета оқыўға тартыўдың бир усылы.

“Жеткиншек”те дүнья әдебияты дүрданалары, қарақалпақ әдебиятының ўәкиллериниң шығармалары қысқа болса да тез-тез берилип турады. Сондай-ақ, жас хабаршылар, әдебиятқа ықлас қойған оқыўшылардың кишигирим гүрриңлери, қосықлары да балалар нәзерине усынылады. Себеби, әдебияттың өзи әдеп-икрамлылық, жақсылыққа тәрбиялайды, балаларды тәрбиялап, өмирде ушырасатуғын ҳәр қандай қыйын шараятларды жеңиўине жәрдем береди. Мысалы Т.Жумамуратовтың “Ең үлкени қайсысы?” [9] атамасындағы ертек-жумбағы дыққатқа ылайық. Қосықтың сөзлери қысқа, мазмунлы, балалар оқыўы ушын қолайлы. Балалар тек қосық оқып заўықланып қоймастан, тийкарғы түйинди табыўға ҳәрекет етиўи ушын арналған. Онда:

Өгиз бе я, көшпели халық па?,
Қара қус па, жайын ба?
Серке ме, я шопан ба?
Кемпир ме, я түлки ме?
Басы үлкен оғада,
Онбир жасар бала ма?
Жуўабын айт бола ма?”- деп жуўмақланады.

Балалар ойға талады. Оқығанларын ой елегинен өткереди, керекли жуўапты излейди. Бул болса баланың ойлаў қәбилетиниң раўажланыўына тәсир жасайды. Усындай мазмуны жоқары, адамды ойға талдыратуғын шығармалар балаларды тәрбиялы, жетик билимге ийе болыўға шақырады.

Буннан тысқары газетаның дерлик ҳәр санында Ш.Айтматов, Ө.Ҳашимов, А.Толстой сыяқлы белгили шығармалар ийелери менен қарақалпақ әдебияты үлгилери берилип, жас әўладты тәрбиялаўда хызмет етпекте. Сондай-ақ, ҳәўескерлер менен балалардың дөретпелериниң мазмуны, бағдары да усы мазмунға қурылады. Яғный тәрбиялы болыў, ата-анаға ҳүрмет, жақсылық ислеў ҳәм тағы басқалар.

“Жеткиншек”те материаллардың тәсиршеңлигин арттырыўда хызмети жоқары болыўы түрли кеңес ҳәм жаңа технологиялар туўралы материалларды да айтып өтиўге болады. Олардың да тәрбия мәселесинде атқаратуғын хызметлери жоқары. Журналист Е.Хожамуратованың “Балаларды денсаўлығына зыян келтириўши хабарлардан сақлайық!” [10] атамасындағы мақаласының әҳмийети жоқары. Мақалада реклама, телефоннан пайдаланыў, яғный информациялық қәўипсиз мәселелери сөз болады.

Соның менен бирге, газетада гейде ата-аналарға кеңеслер де берип барылады. “Перзентиңиз дурыс аўқатлана ма?”атамасындағы мақаланы алайық. Мақалада баланы тәртип пенен аўқатланыўға мәжбүрлеў керек пе? Балаға қандай аўқат пайдалы?

Сыяқлы мәселелер дөгерегинде қәнигелер менен пикир жүргизиледи.

Әлбетте, баланың билим алыўы, интеллектуал қәбилетин жоқарылатыў менен бирге, олардың денсаўлығына итибар бериў, ўақтында тийимли ҳәм сапалы аўқатланыў да өсип киятырған организмге керекли саналады. Бундай мақалалар ата-аналар ушын арналса да, балалар газетасында жәрияланыўы тосыннан емес. Ҳәр қандай балаға ата-анасы, мектепте муғаллимлери кеңес бергенине қарағанда, өзи сүйип оқыйтуғын жақын жолдасына айналған газетаның кеңеси анағурлым күшли тәсир көрсетеди. Сонлықтан, усындай мақалалар да балалардың тәрбиясында әҳмийетли болып саналады.

Жуўмақлап айтқанда, «Жеткиншек» газетасының келешек раўажланыўын биринши гезекте балалардың психологиялық, жас өзгешелиги тийкарында қәлиплестирип барыў лазым. Себеби, заманагөй баспасөз биринши гезекте аудиторияның талаплары, қызығыўшылығы тийкарында қәлиплесип, раўажланып барады. Буны базар қатнасықлары талап етпекте. Усы көзқарастан балалар басылымлары өз бетлеринде әдеп-икрамлылық, денсаўлыққа байланыслы материалларды сәўлелендирип барыў менен бирге балалардың өз талантын жүзеге шығарыўға түртки болатуғын усыллардан пайдаланыўға ийтермелемекте. Ал, коммуникациялық процесске заманагөй коммуникациялық технологиялардың тәсир етиўи болса, балалар газеталарынан балалар менен байланыс орнатыўдың жаңа усылларынан, ҳәр қыйлы түрлеринен пайдаланыўды талап етпекте.

**Әдебиятлар**

1. Marziyaev J.K., Qudaybergenov M. A. Children's press in Karakalpakstan: problems and solutions // International Scientific Journal (ISJ) Theoretical & Applied Science. Philadelphia, USA. 2020.
2. Романенко А.Р. Мир сказочный и мир реалный/ А.Р.Романенко – М.: Художественная литература. 1987.
3. «Жеткиншек» газетасы, №40 (5382) 5-октябр, 2019-жыл.
4. «Жеткиншек» газетасы, №45 (5335) 8-ноябр, 2018-жыл.
5. «Жеткиншек» газетасы, №19 (5309) 10-май 2018-жыл.
6. «Жеткиншек» газетасы, №42 (5332) 18-октябр, 2018-жыл.
7. «Жеткиншек» газетасы, №47 (5337) 22-ноябр, 2018-жыл.
8. «Жеткиншек» газетасы, №23 (5365) 6-июн, 2019-жыл.
9. «Жеткиншек» газетасы, №37 (5327) 13-сентяб, 2018-жыл.
10. «Жеткиншек» газетасы, №48 (5338) 29-ноябр, 2018-жыл.

**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада глобаллашув шароитида жамиятда болалар тарбияси ва оммавий ахборот воситаларининг тутган ўрни, хусусан, болалар журналистикасининг ўрни ва аҳамияти, шунингдек, болалар журналистика соҳасида ижод қилиб келаётган журналистларнинг маҳорат борасидаги масалалари ҳар томонлама таҳлил қилинган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается роль детского образования и СМИ в жизни общества в условиях глобализации, в частности, роль и значение детской журналистики, а также навыков журналистов, работающих в сфере детской журналистики.

**SUMMARY.** This article discusses the role of children's education and the media in the life of society in the context of globalization, in particular, the role and importance of children's journalism, as well as the skills of journalists working in the field of children's journalism.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ТАРИЙХЫЙ ҚОСЫҚЛАРЫНЫҢ ИЗЕРТЛЕНИЛИЎИ

**Б.Турдыев –** *ассистент оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** ижод, афсона, гурген, фожиа, анъана, тараққиёт.
**Ключевые слова**: Творчество, Легенда, Гурген, Трагедия, Традиция, Прогресс.
**Key words:** Creativity, Legend, Gurgen, Tragedy, Tradition, Progress.

Қарақалпақ аўызеки халық творчествосының ең бир әҳмийетли тараўларының бири — тарийхый қосықлар. Халық дөретпелериниң басқа түрлери сыяқлы тарийхый, қосықлар да өзиниң раўажланыў, қәлиплесиў тарийхына ийе ҳәм соның менен бир қатарда өзине тән өзгешеликлери де бар.

XIX әсирдеги Хорезм, араллы өзбеклер, қарақалпақлардың мәдений байланысын сәўлелендиретуғын тарийхый қосықларды изертлеў үлкен әхмийетке ийе.

«Қарақалпақ» қосығының, ўақыялары көп дәўирлерди өз ишине алады. Қарақалпақ халқының көп әсирлик шежирелик өмир баяны сыяқлы көринеди. Қосықтың соңғы бөлимлеринде халықтың Жаңадәрьядағы турмысы, оннан Хийўа ханлығы қол астына - Хорезмге келип орналасыў жағдайлары сөз етиледи. Әсиресе, Есенгелди, Жылгелди, Айдос баба, Барақ батыр ҳәм т.б. тарийхый болған адамлардың атлары ушырасады.

*Айдос батыр ақ көкирек ер еди,*
*Есаптағы батырлардың бири еди.* [1:17].

Тарийхый дәреклерге нәзер салғанда, Хийўа ханлығы қол астындағы қарақалпақлар Хийўа ханлығы тәрепинен ҳәр қыйлы аўыр салықларының көплиги, ханның көп ғана атланысларының барлық аўырманлығы қарақалпақлардың мойнында болған. Белгили тарийхшы, академик С.Камаловтын көрсетиўлерине қарағанда қарақалпақлар Хийўа пуқаралығына дәслеп Есенгелди арқалы, соң Айдос бий арқалы өтеди. Ең ақырында Муҳаммед Раҳим ханның тусында қарақалпақларды толығы менен бағындырып алған.

Хийўа ханлығының аўыр салығы ҳәм ишки бийлер тәрепинен ҳәр тәреплеме азап шеккен халықтың турмыс тиришилиги қосықта реаль сүўретленген. Мысалы:

*Хан сайланған халықтың хәмелдарлары.*
*Салық салып мал алыўдың жоллары.* [1:18].

Өзбекстанның Наманган, Ферғана, Андижан, Бухара ҳәм Самарқанд областларындағы «жоқары» қарақалпақлар арасынан жазып алынған ертеклерде, тарийхый аңыз-әпсаналарда, халық қосықларында, тарийхый адамлар ҳаққындағы (Амангелди, Асан, Жийренше шешен ҳәм т.б.) легендаларда да ҳәзирги Арал теңизи әтрапында, Хорезмде жасаған қарақалпақ халқының аўызеки дөретпелериниң барлық түрлери бойынша байланыс ҳәм үнлесликлер бар.

Қарақалпақлардың Хийўа ханлығының сиясий ислерине араласқанлығы туўралы мағлыўматлар халық әпсаналарында жүдә көп сақланған.

Әжинияздың «Бозатаў» поэмасы Хийўа ханлығының зулымлығына қарсы 1857-1858-жыллардағы халық көтерилисин сөз етсе, Бердақтың. «Айдос бий» (1827-1928). «Ерназар бий» поэмаларында да (1855-1856) тарийхый халық көтерилислери сөз етиледи.

Түркмен феодаллары тәрепинен халықтың бенде болып қолға түсиўи, қолға түскен бенделердиң аўыр жағдайы, Бозатаўдан көшкен халықтың қайғылы турмысы поэмада күтә тарийхый сарраслық пенен бериледи:

*Кимсәниң атасы, кимниң анасы,*
*Кимсәниң ағасы, кимниң иниси.* [3:56].